



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 20 jen 2013

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE BANK OF TOKYO-MITSUBISHI UFJ PRAL PEYE \$250 MILYON DOLA POU ETA A POU VYOLASYON LWA NEW YORK SOU OPERASYON LABANK KONSÈNAN TRANZAKSYON AVÈK IRAN AK LÒT REJIM

Kondui ki konsène Peyi ak Enstitisyon Ka Jwenn Sanksyon Entènasyonal, te Gen Ladan Apeprè 28.000 Tranzaksyon pou yon Total Apeprè \$100 Milya Dola

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Bank of Tokyo Mitsubishi-UFJ, Ltd (“BTMU”) dakò pou peye \$250 milyon dola ba Depatman Sèvis Finans Eta New York (“DFS”) pou vyolasyon Lwa New York sou Operasyon Labank anrapò avèk tranzaksyon ki konsène peyi ak enstitisyon ki ka jwenn sanksyon entènasyonal, tankou rejim Iran, Soudan, ak Myanmar.

Ant ane 2002 ak 2007, BTMU te transfere anpil milya dola nan New York pou gouvènman ak enstitisyon prive nan Iran, Soudan, ak Myanmar, ak enstitisyon ki sou lis Nasyonal ki Deziyen Espesyalman (SDN) Biwo Kontwòl Byen Etranje (OFAC) Depatman Trezò Etazini te pibliye. BTMU te dakò konduit la nan zafè ki konsène apeprè 28.000 tranzaksyon blanchiman lajan nan New York pou apeprè yon total \$100 milya dola.

Pandan peryòd vyolasyon sa yo, BTMU te angaje yon fason sistematik nan yon pratik kote anlwaye li yo te retire enfòmasyon nan mesaj transfè labank yo te ka itilize pou idantifye patisipasyon peyi ak moun ki ka jwenn sanksyon entènasyonal. Sa vle di, BTMU te kreye enstriksyon operasyonèl alekri nan pratik sa a, pou bay anlwaye yo enstriksyon pou “kapab evite blokaj lajan an” yo ta dwe “retire” enfòmasyon ki te kapab idantifye enfòmasyon ki montre tranzaksyon yo konsène yon “peyi lenmi.”

Gouvènè Cuomo di konsa, “Eta a ba sipèvizyon serye pou enstitisyon finansye ki nan New York pou pwoteje ekonomi nou ak kominote nou yo apre dènnye kriz finansye a. Nou te idantifye 28.000 tranzaksyon ilegal pou yon total \$100 milya dola BTMU te fè avèk peyi ki anba sanksyon entènasyonal nan vyolasyon lwa Eta New York aklè. Akò gouvènman an jodi a voye yon mesaj aklè pou montre n ap travay san pran souf pou repare ak pwoteje responsablite nan Wall Street, epitou n ap kenbe moun k ap eseye vyole lalwa.”

Haitian Creole

Benjamin M. Lawskey, Sipè-Entandan Sèvis Finansye, di konsa, “Nou te kontinye epi n ap toujou kontinye pran yon liy di nan derasinen move konduit nan bank ki menase sekirite nasyonal nou. Kèlkeswa lè ak kèlkeswa kote nou dekouvri move zak grav ki fèt, n ap pran aksyon ranfòsman serye pou pwoteje peyi nou kont blanchiman lajan, teworis, ak lòt move zak danjere.”

Nan akò ki fèt jodi a, BTMU ap fè yon peman \$250 milyon dola ba Eta New York. Answit, BTU dwe enstale yon konsiltan endepandan pou yon manda yon ane k ap gen rapò dirèk avèk DFS epi l ap evalye kontwòl risk ki konsène konfòmite avèk sanksyon nan branch New York ak aplikasyon mezi korektif apwopriye.

Konsiltan an ap gen obligasyon pou respekte nouvo kòd konduit DFS te prezante nan yon akò pou [refòm](#) yo te anonse bonè semèn sa a. Kòd konduit sa a deziyen pou ede asire endepandans ak otonomi konsiltan an nan bank lan, epitou pou fè li fòmèl pou montre konsiltan an ap travay pou DFS alapas BTMU.

Dapre akò a, BTMU ap soumèt kèk plan alekri pou apwobasyon ba DFS pou amelyore pwogram, règleman ak pwosedi konfòmite avèk sanksyon ki asosye avèk Lwa sou Sekrè Labank/Lwa kont Blanchiman Lajan (BSA/AML), epitou pou amelyore sipèvizyon jesyon pwogram sa yo. Depi DFS apwouve plan sa yo, BTMU ap kòmanse aplike chanjman yo.

Sipè-Entandan Lawskey di konsa, “BTMU te fè yon etap enpòtan pou rezoud vyolasyon serye sa yo. Li enpòtan anpil pou konpayi yo kontinye rapòte vyolasyon yo poukont yo, epitou pou moun yo pa pran risk menm pou yo jwenn konsekans ki pi grav yo.”

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418